КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Илъэсыщ Іэм и саулыкъукІэ цІыхухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Дэ тхыдэм хэдгъэхьэ 2016 гъэр. Къэрал псоми хэдгъэу, ди республикэм и дежкІи ар ауэ жыжьэуи кьызэрыгуэкІыу щытакъым.

Арщхьэкіэ, гугъуехь псоми щхьэкіэ къэмынэу, дз дубзыхуа гъунапкъэхэм дынэсыфащ, экономикэм и зыужьныигъэм кІэрыдгъэхуакъым, цІыхухэм я пащхьэм щызэхуэдгъэувыжа къалэн псори дгъэзэщІэн тхузэфІэкІащ. Иджырей производствэщІэхэр лажьэу дутІупщащ, технологие лъагэхэр кьыщагъэсэбэп лэжьапІэ Іэнатіэхэри кьызэдгъэпэщащ. Промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ жыджэру зауэ. ЦІыхухэм я бжыгъэм зэпымыууэ кьыхохъуэ. Шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкІэ дызыхуеинуэхри зэтедухуащ. Нэрылъагъущ республикэм ущыпсэуну нэхъыфІ зэрыхъур, инвесторхэмрэ хъэщІэхэмрэ кьызэрыдихьэхыр. А псоми ди цІыхухэм Іэмал кьарет фІэщхъунигъэ яхэлъу кьэкІуэнум пэпсынэу.

Дэ псоми дигу кьинэжынущ блэкІ илъэсым дызыхэта нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр. Дэ Іэтауэ дгъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъур.

Жылагъуэр хуабжьу зэрызэщІэгъэуІуар кьаГъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и органхэмрэ зэрыхахам. Республикэм и гъащІэм, хэлъхьэныгъэ инт хуещІ лъэпкъхэмрэ динхэмрэ я зэхущытыкІэхэр, жылагъуэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным. ЗэмылІэужьыгъуэу щыт апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм пщІэ куу хуэфащэщ.

Православнэ чыристанхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху псоми мамырыгъэ, насып, фІыгъуэ яІэну, Іуэхуфіхэм ехъулІэныгъэхэр кьыщащхьыну си гуапэщ.

КІУЭКІУЭ Юрий.

ИлъэсыщІэм и япэ лъэбакъуэхэр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКІ

№1 (23.409) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Гугъапіэщіэхэмрэ лэжьыгъэщіэмрэ я щіэдзапіэ ирехъу!

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Белавенцев Олег Илъэсыщ Іэмкіэ ехъуэхъуащ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэм

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыпсэухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Іуэху куэдкІэ гъэнщІауэ ИкІи мытыншу щыта 2016 гъэр еух. Ди къэралым гуауэ Іуэху зыбжанэ кьэтепсыха пэтми, сыхуейт Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэм ар фІы и лъэныкъуэкІи ягу кьагъэжьыжыну. Ахэр мащІэу щытакъым - предприятэщІэхэр лажьэу яутІыпщащ, сабий садхэр, школхэр, сымаджэщхэр, спортым и уардэ унэхэр кьызэІуахащ, ди олимпийц бэшэчхэм текІуэныгъэхэр кьахьащ, ипэжыпІэкІэ зихуэдэ щымыІа ГъавэІ бэвхэр кьрахьэпІащ.

Блэкіа гъэм ди курортхэм хьэщІэ нэхъыбэ кьыщедгъэблэгъащ ИкІи сыщогугъ ежьэжа иужь абыхэм Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу цІыхухэм фІыщІэ кьыхуащІауэ.

Зэи хуэмыдэу экономикэ, политикэ и лъэныкъуэкІэ хуабжьу хамэхэр кьыттегуплІами, дз нэхъапэми хуэдэу, дызэкъуегъэувэ ди мурадхэр зэрызэтехуэм ИкІи ди Хэку иныр - Урысейр - нэхъри зэкъуэту, ехъулІэу, къэрал лъэщу щытыным дызэрыхущІэкъум. Абы папщІи дз Іэмал псори диІэщ. Урысей цІыхубэр зэрызэкъуэтыр нобэ и шэсыпІэщ къэралым зэпымыууэ зиужьным, абы и цІыхухэм я псэукІэр едгъэфІэкІуэным.

Гурэ псэкІэ си гуапэщ узынщагъэ быдэ фиІэну, гъащІэ кІыхь кьэзвгъэщІэну.

Сыхуейщ фи хъуэпсапІэхэмрэ гугъапІэхэмрэ кьызэхъулІэну, 2017 илъэсыщІэр пщэдейрей махуэм фІэщхъуныгъэрэ зэпІэзэрыгыгъэрэ фхэлъу фыхьхьэныжмкІэ щІэгъэхъуэн хэыфхуэхъуну, фи гугъапІэщІэхэмрэ щІэуэ зэфІэвгъэкІ Іэхухэмрэ я пэщІэдзэу ар увыну.

Мамырыгъэ фиІэну, гуапагъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ, гуфІэгъуэрэ фІыгъуэрэ фыщымыщІэну си гуапэщ!

Илъэсыщ Іэмкіэ сынывохъуэхъу, ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЩІымахуэ жыгхэр

ЩІымахуэ хадэм жыгхэр щызэфэгъущ.
ЩІымахуэ жыгыр хуейкъым уэрщэрэгъу,
Нэбэнэушэу уэсым щІэбэукІыу,
Жыг кьуэпсым тхьэмпэ гулъыр кьыщокІыкІыр.

ЩІымахуэ жыг жеяр кьыумыгъэуш,
Къудамэм уэс кьытесэм зыдегъэш,
Уэрэд щэху гуэркІэ жейр кьытригъауэу,
Къришэхащ жыг щхьэкІэр хьэщхьэтеуэм.

Къесащи Іуврэ хуабэу и чэзум,
Жыг лъабжьэм уэсыр кІэщІеубэ бзум.
ХуищІыну жыгым жыбгъэ пэу и дамэр,
ТотІысхьэ сакъыу къуаргъыр жыг къудамэм.

Жыг хадэм итщ жыгыщІэ, итырыгъу,
ЩІихъуэмэщ уэсми, псори хъуащ зэфэгъу,
Жей дахэм хэтрэ зыми къимыгъаскІэу,
Зы гъэшкІэщ псори гъатхэр къэсыхункІэ.

Тегъуалъхьэу жыгым, къосыр, къосыр уэс.
Жыг щхьэкІэм фІэсу кьуаргъыр щІыІэм ес.
Жыг лъабжьэм уэсыр бзум щІеубэ быдэу...
ЩІымахуэм и жей хужьым хэтщ жыг хадэр.

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр цІыхухэм ехъуэхъуащ Хьисэ Бегъымбарыр къыщалъхуа махуэмкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и православнэ чыристанхэм гурэ псэкІэ сохъуэхъу Хьисэ Бегъымбарыр кьыщалъхуа махуэмкІэ.

ЛІэщІыгъуэ куэд хуэдэу мы гуфІэгъуэ нэхур щытщ псэкупсэ хабзэхэм я мыхьэнэ мыкІуэщІыр, унагъуэ лъапІэныгъэхэр тхъумэн, гулъытэ яхуэтщІын зэрыхуейм я мыхьэнэр дигу кьэзыгъэкІыжу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и православнэ члисэр жыджэру холІыкІыхь республикэм и гъащІэм, хэлъхьэныгъэ инт хуещІ лъэпкъхэмрэ динхэмрэ я зэхущытыкІэхэр, жылагъуэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным. ЗэмылІэужьыгъуэу щыт апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм пщІэ куу хуэфащэщ.

Православнэ чыристанхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху псоми мамырыгъэ, насып, фІыгъуэ яІэну, Іуэхуфіхэм ехъулІэныгъэхэр кьыщащхьыну си гуапэщ.

КІУЭКІУЭ Юрий.

● Илъэсыщ Іэпежьэ

Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъэгъаэзм и 31-м Правительствэм и Унэм щриГъэблэгъащ еджэным щыпашэ, урысейпсо, республикэ олимпиадэхэм, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм щытекІуа, Урысей Федерацэм и Президентымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхьэмадэмрэ я саугъэтхэр зыхуагъэфэща ныбжьыщІэхэр. Школыр мы гъэм къэзыухынухэм хуагъэхьэзыра Илъэсыщ Іэ Іуэхугъуэ гукъинэжым хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий, абы и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Емуз Нинэ сымэ.

ЗЭІУЩІЭ гуапэр кьызэІуаха нэужь, Іэнэ гъэщІэрэщІа кьызыхуащта ныбжьыщІэхэм КІуэкІуэ Юрий фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ.

- Хабзэ дахэ хъуауэ, еджэным щыпэрыт, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпашэ ди школакІуэхэр Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэу догъэлъапІэ. Ноби мы пэшым щызэхуэсащ республикэм и пщІэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм щызэІуат, ину дызэрыгушхуэ еджакІуэ нэхъыфІхэр. Дызэрыщыгъуаззэщи, щІалэгъуалэр дапщэщи жылагъуэ гъащІэм щыжыджэрщ, щыжэрдэмщІакІуэщ. Абы кьыхэкІыу, ди пщэдей, ди кьэкІуэнур ипэкІэ зыгъэкІуэтэну кьызыпэщІыпІ щІэблэм хуэфащэ щІэныгъэ егъэгъуэтыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. ГъащІэр и пІэм иткъым. Дунейм щекІуэкІхэм, Іуэху зехьэкІэхэм зэпымыууэ захъуэж. Ахэр тэмэму, губзыгъэу, къэралымрэ щІыхэкъмрэ я сэбэп хэлъу зэкІэпльыгъэкІуэн хуейщ. Аращи, фи гупсысэщІахэм, фи зэфІэкІым дапэкІэ дыхуеинущ, - къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм икІи емызэшу еджэнхэу, я лъахэр фІыуэ ялъагъуну, ди нэхъыжьхэм я щІэин уасэншэхэр хуэсакъыу яхъумэну ахэр кьыхуриджащ.

Егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым и Іэнатіэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэмрэ кьызыхьэу зэхъуэкІыныгъэфІэкІмрэ я гугъу щищІыну Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм икІи емызэшу еджэнхэу, я лъахэр фІыуэ ялъагъуну, ди нэхъыжьхэм я щІэин уасэншэхэр хуэсакъыу яхъумэну ахэр кьыхуриджащ.

Егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым и Іэнатіэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэмрэ кьызыхьэу зэхъуэкІыныгъэфІэкІмрэ я гугъу щищІыну Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм икІи ныбжьыщІэхэм я къэухьым, я творческэ зэфІэкІым зегъэужьыным, Іуэхуфіхэм кьахуэгъэуэшыным, тегъэгушхуэным дяпэкІи я нэІэ зэрыграгъэтынур кьигъэльэгъуащ.

Ижькіэ, зэраубзыхуам хуэдэу, ныбжьыщІэхэр яГъэльэпІащ, дэтхэнэми и зэфІэкІыр хэлъщІыну ящІащ.

«ЕГъэджэныгъэ» лъэпкъ проект хэхар кьызэрыхальхьэрэ илъэсипщІ ирикъуащ. А зэманым кьриубыдэу республикэм и еджакІуэ 369-рэ проектым и саугъэтым и лауреат хъуащ, «Школакіуэхэм я Урысей зэщІэхъеенныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ къэрал сабий-ныбжьыщІэ организацэм и щІыналъэ къудамэхэр кьызэрагъэпэщащ. Урысейпсо олимпиадэхэм щыджэру хэтам и мызакъуэу, ехъулІэныгъэфІхэр кьыщыхьащ - экологиемрэ нэмыцэбзэмкІэ зэпеуэхэм зым бжьыпэр щиубыдащ, ТІум увыпІэ кьыхьэжьыхэр кьыщыхьащ. КосмонавтикэмкІэ «Вагъуэхэм я эстафетэ» проектым и кІэух зэхьэзэхуэм япэ увыпІэу тІу, етІуанэу - щы, ещанэу зы увыпІэ ди лІыкІуэхэм кьыщыхуагъэфэщащ. «ЕГъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытым и республикэ саугъэтым и лауреат, Прохладнэ къалэм дэт курыт школ №5-м щеджэ Лысенкэ Иван Урысейпсо, щІыналъэ спорт зэпеуэхэм, а къалэм и школ №6-м щІэс Оболашвили Дианэ художественнэ творчествэмкІэ республикэ, Урысейпсо олимпиадэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ щытекІуахэщ.

А щІыкІэм тету, дэтхэнэми и ехъулІэныгъэхэр ягъэнаІуэу еджэным щыпэрытхэмрэ зэпеуэхэм щыпашэхэмрэ я щІэхэр зэІущІэм щыжаІащ. Апхуэдэщ Токъмакъ Ланэ, Бозий Тамерлан, Тау Валерэ, Абазэ Марат, АфІэунэ Залинэ, Куэт Резуан, КІагуэ Ратмир, Пекъу Залинэ, Гурнов Владислав, Умнаев Тимур, нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту щэм щІегъу.

Езы ныбжьыщІэхэми КІуэкІуэ Юрий фІыщІэ псалъэкІэ зыхуагъэзащ, я мурадхэр хуаІуэтащ. Я гукъыдэжыр къалэту зэхьихьэм хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къэздэ Іэбубэчыр игьасэ пшынаэу щІыкІуэхэм, «Кавказым и пшэплъхэр» къэфакІуэ гуп щІэрыІуэм, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ творчествэмкІэ я республикэ унэм иджыпІ ехьэ кьэфэмкІэ и «Арабеск» сабий ансамблым, ныбжьыщІэхэм зыщагъэужь «Дыгъэпс кьалэ» академием и «Жемчужинка» къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупым, нэгъуэщІхэми. Илъэсыщ Іэгъэдым и макъамэм щІэту, Уае Дадэмрэ Уэс Гущэмрэ школакІуэхэм яхуеблагъэри, гуапэу ехъуэхъуащ.

- ГъащІэм лъэ быдэкІэ фыхьыхьэну, абы хуэфащэ увыпІэ щыувыдыну кьыфІэпэщытщ. Ар кьызыщулІэн папщІэ, къызэрыкъэзгъэщащи, фІы дыдэу феджэн, фи щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ зэпымыууэ хэвгъэхъуэн хуейщ. Хэкупсэ нэс фыхъуну, ди къэралымрэ ди щІыналъэ гъэзэджэмрэ я пщІэр фІэтыну дыщогугъри, а лъапІэныгъэхэр дапщэщи фщІыгъуну ди гуапэщ. Фи мурадхэм, фи гугъэхэм фалъэІэсыну, ехьулІэныгъэрэ узынщагъэ быдэрэ фиІэну иджыри зэ сыныВохъуэхъу, - кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм зэІущІэм и кІэухым.

Илъэсыщ Іэ псейм и лъабжьэм фэеплъ сурэтхэр зэгъуэсу щызытрагъэха нэужь, дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ яІэу, ягъэгъуамкІэ арэзырэ зэхуаІуэтэжын я куэду зэІущІэ гуапэм хэтахэр ежьэжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● ЩІыхь

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал дамыгъэхэр иратыж

ПщІэшхуэ зыхуащІахэм яхэтщ мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэм ехъулІэныгъэ инхэр къыщызыхьа Іэщ Іагъэлъэ Іхэр. КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и егъэджакІуэхэмрэ къыззрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъур 2016 гъэм зыгъэпэпІа Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэлІэхэмрэ. Дамыгъэхэр зратахэм ящыщщ щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм, узынщагъэр хъумэным я лэжьакІуэхэр.

КУЭД щІакъым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и къеГъэлакІуэ» щІэлъапІэр зэрагъэуврэ. Ипэ дыдэу ар фІащащ УФ-м и МЧС-м КъБР-м щиІэ къудамэм и лэжьакІуищым.

- Хуабжьу ди гуапэщ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм апхуэдэу куууэ зэфІэкІышхуэ кьыщызыгъэльэпІагъуэ Іэщ Іагъэльэ Іуэд дз зэрыдиІэр. Абы кьокІ мы зэманым дызэлажь Іуэху псори зэфІэгъэкІа зэрыхъунур, - кьыхигъэщхьэхукІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

Хабзэгъэув лэжьыгъэм жыджэру зэрыпэрытым икІи илъэс куэд хъуауэ хьэпэлу зэрылажьэм кьыхэкІыу «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэр Урысей Федерацэм и Президентым и Указкіэ хуагъэфэщащ Къэрал Думэм Федеративнэ ухуэныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэм ехьэлІа Іуэхухэм-кІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Геккиев Заур.**

«Къэрал къуплыкъур дагъуэншэу зэрырихьэкІым папщІэ. Илъэс XXV» щІыхь дамыгъэр иратащ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэр зезыхьэ **Къалэ Замир.**

Республикэм и социально-экономикэ зыужьныигъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІам, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым, республикэм и къэралыгъуэр зэфІагъэувэн и лъэныкъуэкІэ куэд зэрызэфІигъэкІам кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэр иратащ КъБР-м и Іэтащхьэм зэрыхэтым, республикэм и къэралыгъуэр зэфІагъэувэн и лъэныкъуэкІэ куэд зэрызэфІигъэкІам кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр иратащ КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Клевцов Михаилрэ** КъБР-м и Іэтащхьэм республикэм и къэрал органхэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и органхэмрэ ядэлэжьэныкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэ **Хъэщхъуэжь Александрэ.**

Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьэпэр иратащ, щІыхьыщІэхэр фІащащ щІыху гупышхуэм.

Нэхъыжьхэм яхуоблагъэ

● Лэскэн щІыналъэ

Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Инжыджокъуэ Сэфарбий, щІыпІэ самоуправленэмкІэ советым и тхьэмадэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ажокъуэ Хьэчим, Хьэтуей, Урыху къуажэхэм я унафэщІхэу Джысымыщ Анзор, Гугъуэтыж Марат сымэ Илъэсыщ Іэм и пэ къикъуэу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм яхуеблагъэри, зытехьэну зыпэплъэ 2017 гъэмкІэ ехъуэхъуащ.

Хьэтуей щыщ нэхъыжьыфІхэу Бетрожь Сулътан Хьэжмурат и къуэм, Нало МутІэ Хьэжысмел и къуэм, Мэшылі Хьэбас Хьэжмурат и къуэм, урыхудэсхэу Блий Борис Темыр и къуэм Гугъуэтыж МутІалиб ТІытІу и къуэмрэ узынщагъэ быдэ, къару мыкІуэщІыж яІэу илъэс куэд насыпыфІэу къагъэщІэну, езыхэри я Іыхьлыхэри фІыгъуэ хэмыкІыу псэуну ехьэхъури, гузгуш зыщІыгъу ильэсыщІэ саугъэтхэр Инжыджокъуэ Сэфарбий дэтхэнэми яритащ.

Я гулъытэмрэ яхэлъ гудзакъэмрэ папщІэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэми щІыналъэм и нобэрей унафэщІхэм фІыщІэ хуащІащ, я Іэнатіэм ехъулІэныгъэ щаІэну ехъуэхъуащ.

КАБАЛОЕВЭ Маринэ.

● Гу зылъытапхъэ

Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хагъэхьэнущэр пхъэлъэгъуэн зэрыщІадзэм тепхуауэ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарым кьыбгъэдэкІ хьыбар

Урысейпсо, щІыналъэ зэхуаку, щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я деж

«ЦІыхухэр залымыгъэкІэ щаІыгъ щІыпІэхэм цІыхум и хуитыныгъэхэр щыпхагъэкІыныр жылагъуэ кІэлъыплъныгъэм щІэгъэувэным икІи залымыгъэкІэ щаІыгъ щІыпІэхэм щыІэ цІыхухэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуным и Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №76-ФЗ-уэ 2008 гъэм мэкъуаугъэуэм и 10-м къыдэкІам илкъ иткІэ хьыбар фызогъащІэ 2017 гъэм щІышылэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хагъэхьэнухэр яГъэлъэгъуэн зэрыщІадзэмкІэ.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пащхьэм къыщызоІэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хагъэхьэнухэр къэгъэлъэгъуэным хэтыным икІи махуэ 60-м къитІасэу Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарь Бречаловэ А. В. и цІэкІэ лъэІу тхылъэр зи гугъу тщІа Федеральнэ законым щыубзыхуэ тхылъхэр кьегъэхьыныфхэр я Іэхуэр.

Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэхэр къыщызэрагъэпэщ хабзэм теухуа хьыбарымрэ кандидатхэр жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэхэм хагъэхьэну къызэрагъэлъагъуэ щІыкІэм теухуа чэнджэщхэмрэ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и http://www.oprf.ru сайтым къыщывгъэтынущ.

Фыщ Іэупщ Іэ хъунущ мы телефонымкІэ: 8(495) 221-83-63 доб. 8029

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарь
БРЕЧАЛОВ А. В.

И лэжьыгъэр къапщытэж

● Парт Іуэхухэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и XXVI конференц щекІуэкІащ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Абы щриплъэжащ 2012 гъэм дыгъэгъаз- зэм и 14-м къыщыщІэдзауэ 2016 гъэм дыгъэгъаз- зэм и 23-рэ хъуауэ къудамэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм.

КОНФЕРЕНЦЫМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Кавказ Ищхъэрэм щІэ Зэзыгъэ)Іу советым и Унафэщі **Макиев Зураб**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, Парламентым и УнафэщІым и къудзэ **АфэщІагъуэ Михаил**, КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэрэпщыныжрэ социальнэ дэІепыкъунгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**, депутатхэр, партым хэтхэр, министрхэр, район унафэщІхэр. Зэ)ущІэр къызэІуихащ икіи иригъэкІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарь, республикэм и Іэтащхьэм и къэрал чэнджэщэгъу **Бозий Натбий**.

Республикэм и Іэтащхьэм и цІэкІэ къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий:

- Къызэдэкіэ илъэсхэм длэжьам уриплъэжмэ, Іэужхуэу кэд зэфІэдгъэкІащ. Абыхэм ящыщу мыхьэнэ нэхъ ин зиІэр УФ-м и Къэрал Думэм щылэжьэну депутатхэр зэрыхахаращ. Ди щІыналъэм къыбгъэдэкІуу абы кІуахэр къэралым хуэщхьэпэну сыщогугъ. Дэ псори дызыхуэлэжьжыр цІыхубзращ. Ахэр зыхуэныкъуэм гу лъытэу, и чэзум дапыкъуэкІынращ ди пщэрылъ нэхъыщхьэр. Иджыри къэс абы телэжьа гупым фІыщІэ фхузощІ, дяпэкІи дызэкъуэту лъэпкъым дыхуэлэжьэну сыщогугъ, - жиІащ абы.

Блэкіа илъэсиплым къуриубыдэу партым и щІыналъэ политикэ советымрэ щІыналъэ къэпщытакІуэ комиссэмрэ зэфІагъэкІа лэжьыгъэм ирилъэжу къэпсэлъащ Бозий Натбий. Мусуковым кьиІэта Іуэхугъуэм пищэу, Бозийр тепсэлъыхьащ Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьыным теухуауэ партым КъБР-м щІэ и къудамэм пэблэ Іэ)эт зэрыригъэкІуэкІам, Къэрал Думэм и депутатхэм я еблагъ зэхуэсым ди щІыналъэм къыбгъэдэкІыу Щхьэгуэш Адэлбий, Геккиев Заур, Марьяш Иринэ сымэ зэрагъэкІуам. Муниципальнэ щІыналъэхэм щІэкІа хэхьныгъэхэм уатепсэлъыхьмэ, щІыху 1215-рэ щІыпІэ самоуправленэхэм я Советхэм я депутату хахащ. КъБР-м муниципальнэ Іуэхущ)апІэу 132-рэ иІэщи, абыхэм я унафэщІхэри «Урысей зэкъуэт» политикэ партым хэтщ.

Бозийр тепсэлъыхьащ партым и жылагъуэ егъэблагъапІэхэм я лажьэкІэмэ. Дэлэл къыхэмыхьэу, цІыхур абы кІакІуэрэ и гукъеуэр щыжиІэмэ, и Іуэхур нэхъ псынщІэу зэрыкІуатэр, удэІепыкъуну зэрынэхъ тынщыр къыхэкІуэщащ Натбий. Апхуэдэу, иужьрей илъэсиплым кьриубыдэу жылагъуэ егъэблагъапІэм Іуэху зэхуэмыдэхэмкІэ щІыху 2148-рэ къекІуэлІащ. Абыхэм я процент 38,3-м я лъэІур зэфІагъэкІащ, процент 19,2-м я Іуэхур иджыри зэрахуэ, процент 41,5-м зыхуэныкъуэ чэнджэщ ягъуэтащ. КъыхэгъащІыпхъэщи, егъэблагъапІэм нэхъыбэу кьекІуалІэр зи ныбжь хэкІуэтахэрщ (процент 40), лэжьыгъэ пэрытхэм я бжьгъэр процент 24-рэ мэхъу, мылажьэхэр процент 23-рэ ирокъу.

Иужьрей илъэс зыбжанэм ди щІыналъэм парт программэ зэмылІужьыгъуэхэм щолэжь. Экономикэмрэ цІыхухэм я псэукІэр зэгъэфІэкІуэнымрэ теухуахэр лъэпкъ, къэрал Іуэху мэхъу. Партым и щІыпІэ къудамэр апхуэдэ къэрал программэ 23-м йолэжь. Ахэр егъэджэныгъэм, Іэзэсанымрэ, спортым ятеухуащ. Ди гуапэ зэрыхьунщи, Бозийм зэрыжиІамкІэ, а программэхэм иджыри къахэхъуэнущ.

- Щэнхабзэмрэ щІыуэпсымрэ зегъэужьыным теухуа лэжьыгъэшхэр дяпэкІи къыптэщІынщ, ахэр уб)ыхуэу диІэщ. А псори щІэтщІэр ди щІэблэр, щІалэгъуэхэр зыхуей хуэдгъэзэн папщІэщ, - къыхиГэщащ Бозийм.

Конференцым «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и советымрэ комиссэмрэ хэтыныхэр щагъэбелджылащ. Зэ)ущІэм партым и щІыналъэ къудамэм и секретару Афэщ)агъуэ Михаил щіыхахащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

«Дунейр псоми я зэхуэдэщ»

ИлъэсыщІэм дытехьи и пэ къиухуэу псапэ зыщІахэм ящыщщ Іэщэкіэ зэщІэуэзда Іуэхущ)апІэхэр. УФ-м и Лъэпкъ гвардием КъБР-м щиІэ и къудамэм, КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м и МВД-м экстремизмэм пэщІэтыныкІэ и центрым я жэрдэмкІэ, «ДЮСАШ» спорт школым и гъэсэнхэр СОБР-м и хэщІапІэм ирагъэблагъэри, я нэгу зрагъэужьащ.

Я УЗЫНШАГЪЭМКІЭ сэкъат зиІэ сабийхэм кьыхуэзрагъэпэща зэ)ущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч**, КъБР-м экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ятеухуа щІэныгъэныкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым**, УФ-м и Лъэпкъ гвардием КъБР-м щиІэ и къудамэм и унафэщІ **Макитов Муссэ** сымэ.

КъулыкъущІэхэр сабийхэм ехъуэхъуащ илъэсыщІэр яхуэгуРулыну. Концерт ирагъэплъа, зэпрагъэуа сабийхэм я нэгу зиужьауэ, саугъэт иратам щыгуфІыкІыу зэбгрыкІыжащ.

Мы зэ)ущІэм псалъэ гуапэ щыжраІащ псэемыблэжу зи сабий сымаджэм дэлажьэ, зезыгъэужь адэ-анэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ. Нэгъабэ спортымкІэ ехъуІэныгъэ зыгъэгъэлъэгъуа сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ фІыщІэ тхьилъхэмрэ тыгъэхэмкІэ ягъэпэлъэпІащ. УФ-м и Лъэпкъ гвардием КъБР-м щиІэ и къудамэм и Управленэм и лэжьакІуэхэм Іэнэ къагъэуври, сабийхэр ягъэшхащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Азрэт.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Бюджетыр зэрагъэзэщІам щыхоплъэ

Іуащхьэмахуэ щІыналъэ администрацэм и коллегием и еплІанэ зэ)ущІэр иджыблагъэ екІуэкІащ. Абы хэтащ щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, лэжьыгъэ зэхуэцытыкІэхэр хабзэм егъэзэгъныныкІэ, улахуэмкІэ щІыхуэхэр зытегъэкІыжыныкІэ бюджетым и хэхъуэхэр зэщІэгъэу)Іуэныкі, финанс, бюджет, налог дисциплинэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныкІэ район комиссэм щыщхьэр, налог инспекцэм, хабзэхъумэ, суд пристав Іэнатіэхэм, егъэджэныгъэмкІэ, финансэмкІэ, щэнхабзэмкІэ Іуэхущ)апІэхэм, физкультурэмрэ спортымкІэ комитетхэм я лІыкІуэхэр.

ЩІЫНАЛЪЭМ финансэмкІэ и управленэм и унафэщІ Мирзоев Юсуф хэхъуэжащ. Абы къыщиІэтащ, бюджетым хэхъуэмкІэ и Іыхьэхэр процент 75,1-кІэ ягъэзащІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентэ 2,5-кІэ, езым и хэхъуэхэр - процент 5,8-кІэ нэхъыбэщ. ЩІыхуэ зытелъхэм ядолажьэ, муниципальнэ мылъкумрэ щІы гъэтІылъыгъэхэмрэ инвентаризацэ ящІ, унагъуэхэм я щІы Іыхьэмрэ ямыгъэІэнхъуэ мылъкумрэ зыхуэдэр бюджетым и фейдэ хэлъу кьалъытэ. Мирзоев Юсуф хэхауэ кьыхигъащІащ бюджет Іуэхущ)апІэхэм улахуэмкІэ щІыхуэ зэратемылъыр, коммуналнэ пщІэкІэр кьанэ щІымыІэу илъэсым и кІэм авансу зэрыхуэхьнур. Апхуэдэу сабий гъэсапІэ, курыт еджапІэ псоми ерыскъымкІэ щІатехуа щІыхуэхэр хуатыжащ, бюджетым хэщІэмкІэ и Іыхьэр зэрафбзыхуам тету ягъэзэщІэнущ.

Іуащхьэмахуэ районым мылъкумкІэ, щІы зэхущытыкІэхэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІ Согаевэ Сапият щхьэхуэу кьытеувыІащ КъБР-м и электросеть комплексыр зэгъэ)уныным теухуа «Гъуэгу картэр» ГЪЭЗЭЩІА зэрыхъум. Абы зэрыжиІамкІэ, инвентаризацэ щрагъэкІуэкІым кьамыгъэсэбэпыжу псэуальэпщІ кьахутащ. ЩІЫ хабзэм тету, судкІэ абыхэм унафэ тращІыхьынущ. КьищынэмыщІауэ, электросетым и объект 60-м я мылъкум Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэр хабзэкІэ зэрыхуитыр тхьилъкІэ щІагъбыдащ. Кьыхалъхьа Іуэхуэхэр зэхьыхьэм жыдэжру щІэзэпкърахащ.

Зэ)ущІэр езыгъэкІуэкІа, Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэ Афашоковэ Раисэ бюджетым и хэхъуэзэпщІкІэм арэзы техъэурэ, ягъэ игъэщІипхъэу кьилъыпІэ кьалэнэхэр игъэзэ)Іауащ, абыкІэ жэуапткІуэхэм протокол пщэрылъхэр ящищІащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Гъуэгумрэ псымрэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм гъуэгу лэжьыгъэ къудейуэ сом мелуан 26,3-рэ и уасэ щызэфахащ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ Дзэлыкъуэкъуажэ - Белокаменскэ - Дзэлыкъуэ гъуэгу Іыхьэм. Километри 2,2-рэ зи кІыхьаръ а гъуэгур зэгъэпэщІыжыным сом мелуан 14 текІуэдащ. ЩІымахуэр икІыху гъуэгуэм тракІутэн пшахъуэу тонн 2300-рэ зэрагъэпэщащ.

Жылагъуэрэ псы зэфэнкІэ кьызэгъэпэщынми щІыналъэм и унафэщІхэм я нэІэ гъэ псом тетащ икІи сом мелуан 1,7-рэ и уасэ лэжьыгъэ абы иращ)ылащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Щ)ышылэм и 13 - 28-хэм къриубыдэу

Пенсионерхэм зэ тыгъуэу мы гъэм хущІагъу сом мин тхурытхур ятынущ щ)ышылэм и 13 - 28-хэм къриубыдэу, щыжаІащ Урысейм и Пенсэ фондым.

Щ)ышылэм и пенсэр мазэм и пэщІэдзэм зыхуахьа-хэм я ахъшэм щІыгъуакъым сом минитхур, ауэ ари ягъэува пІалъэм къриубыдэу яІэрихьэжынущ. А ахъшэр кьратын папщІэ пенсионерыр фондым кІуэни лъэІу тхьилъ итхыни хуейкъым.

Компенсацэм текІуэдэну сом мелард 221,7-р Пенсэ фондым и мыгъэрей бюджетым къыщыІэпхъэгъуащ. Псори зэхэту щІыху мелуан 43-м ират ынущ а ахъшэр.

Бжьыпэр яІэщІокІ

«США-м дуей псом щІыгъа бжьыпэр яІэщІэкІащ Обамэ Барак президенту щ)ыщІа лъэхъэнэм», - жиІащ Республикэ партым щ)ыщ сенатор Маккейн Джон.

Абы щхьэхт техъуэу кьиІэтхэри кьигъэлъэгъуащ сенаторым. Абыхэм ящ)ыщ Сирием щІэ щытыкІэри, Америкэм президент хэхьныгъэхэр щ)ыщкІуэкІам абы зыгъэрхэр хэІэбауэ зэрыжиІэри, США-м и псыщІагъырыкІуэ кхъухьыр Китайм и дзэ-тенджьэ къарухэм зэрауБыдари, нэгъэущ Іуэхугъуэхэри. Маккейн шэч кьытрихьэркъым дуейм иджыри къэс щыІа зэпІэзэрытагъэр кьыщэпуда зэрыхьум и дамыгъэу ахэр зэрыщытым икІи США-м и лъэщагъэр игъуэтыжным кьра куэд ехьэлІэн хуейуэ кьелъытэ.

Тэмэму дунейм утетмэ, тыншу упсэнущ

Китайм щ)ыпсэухэр топсэлъыхь я дуней тетыкІэм кІэлъыплъыныр къэралым и нэІэм зэрыщІигъэувэнум теухуауэ Правительствэм зэхилъхьэ хабзэщІэм.

Абы ипкъ иткІэ, къэралым ис дэтхэнэми есын хуэфащэжьын псэукІэ «ихуэжьыфынуц». Іуэхур зытращІыхьынур щІыхум и дуней тетыкІэм пэкІуэу кьилъжьыфа балл бжьыгъэрщ. Псалъэм папщІэ, екІуу, хабзэм емыбакъуэу псэу щІыхум балл куэд хуагъэувынурэ, Іуэхутхьэбзэ нэхъыбэ дыдэхэр зыхуащІэ гупым хагъэхьэнущ.

Мыхъумыщ)эу дунейм тетым фЫ пльэпкъ кьыпІэпэркъым, уеблэмэ медицинэ дэІепыкъунгъэрэ пщІэнэсу хуащІэнукъым.

Хабзэщ)эм 2020 гъэм лэжьэн щІидзэну хуагъэфащэу аращ, ауэ ар кьахэзэрыщІыхъэм, кьахуихьыкІэ хъунухэм иджыпсту щ)ыщІдзауэ ирогузавэ. Щ)ыхум и гъащІэм апхуэдэ щ)ыкІэкІэ ухэІэбэнщ къемызэгъыкъэзыльытэ гуэрхэри щ)ыІэщ, ауэ нэхъыбапІэм ар тэмэму кьалъытэ.



♦**1920 гъэм** кьару игъэтащ Франджым щ)ыІэ Версаль уардэунэм 1919 гъэ мэкъуэгъуэм и 28-м Іэ зыщ)ытрадзауэ щ)ыта зэгурыІуэныгъэм - Ялп дунейпсо зауэр зэриухам щ)ыхьэт техъуэм.

Зумакулов Борис жиІащ социальнэ Іуэхухэм елхъуэ щ)ыхуэр зэрытхъэусыхэм и бжьыгъэм хэпщІыкІыу зэрызхъэуар (2016 гъэм щ)ыху 91-м зыкъыхуагъэзащ, 2015 гъэм апхуэдэ тхьэусыхафэу 53-рэ щ)ыІауэ аращ), судым ищІа унафэмкІэ мыарэзыІэ 8, я псэуІэм екъэлІа упщІэ зиІэу 43-рэ зэрыщ)ар.

- Адрей илъэсхэми хуэдэу, дэ зыкъыхтухэзыгъазэхэм чэнджэщэгъу дахуохъу, суд кІуэн хуей хъумэ, хабзэхъумэ, къэрал Іуэхущ)апІэхэм зыхуагъэзэнумэ, дэфтэр гъэхъэзырыныкІэ дадолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал Іуэхущ)апІэ псоми, республикэм иц муслымэнхэм я Іуэхущ)апІэм, урыс члисэм Псыхуабэ, Черкесск щІыналъэхэм щІэ елъэрхием я унафэщІхэм, нэгъэущІхэми. Пэжыр жыпІэмэ, апхуэдэ лэжьыгъэм Іуэхуфіхэр кьрокІуэ, - къыхигъэщащ Зумакуловым. Апхуэдэуи абы дыщІигъуащ щІыхуэхэм я хуитныгъэр зыхуэдэм фІыуэ зэрыхахмыщІкІыр, абы ехьэлІауи лэжьыгъэ пыухыкІа зэрегъэкІуэкІыпхъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щ)ыхуэхэм я хуитныгъэр хъумэныкІэ и уполномоченнэ щ)ыІэр 2016 гъэм хэтащ ди къэралымрэ нэгъэущІэхэмрэ щ)ыкІуэкІа щІэныгъэ конференцэм. Псалъэм папщІэ, Инсбрук (Австриеи) щекІуэкІа зэхьхьэм Щ)ыхуэ и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэ КъБР-м щиІэм щыжиІар нэмыцэбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, испаньбзэкІэ, урысыбзэкІэ газетхэм кьытрадзэжащ. Ар хэтащ УФ-м и Президентым деж граждан, жылагъуэ Іуэхущ)апІэхэм зегъэужьыныр щ)ыхум и хуитныгъэмкІэ Советым и зэ)ущІэм.

Псыхуабэ къэрал университетым и унафэщІым и къуэдзэ **Тхьэбысым Людмилэ** кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ «Щ)ыхум и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэм теухуауэ» Хабзэм зэхъэжькІыныгъэ хэлъхьэн зэрыхуейр. Абы зи гугъу ищІыр уполномоченнэм и зэфІэкІыр щІэзэІыгъэбыдэ хабзэ зэрыщ)ыпІэрэщ, абы и лэжьыгъэр къэрал унафэщІхэм я къызэрыфІэІуэхум елъытауэ щ)ымыпхи папщІэ.

Зэ)ущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым хабзэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Хьэмыкъуэ Аслъэн**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщІ **Целоусовэ Анусэ**, нэгъэущІхэри. Абыхэм кьыхагъэщащ цІыхухэр нэхъыбэу зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм ехьэлІауэ щ)ыІэ кьэрал программэхэр зэрагъэзащІэм я нэІэ зэрыграгъэтІупхъэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Илъэсыщ)Іэ зэхьхьэхэр

ЩІалэгъуалэр ягъэгушхуэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Тхьдэмкіэ, филологиемрэ СМИ-мкІэ и институтым щекІуэкІащ Илъэсыщ)Іэ нэгузыужь пшыхь дахэ. Щ)алэгъуалэр ягъэгушхуэу зэхахьэ а зэхуэсым, хабзэ хъуауэ, къыщапщытэж илъэс блэкІам зы)эрагъэхьа екъуІэныгъэхэр, студент нэхъыфІхэр щагъэлъапІэ, щ)ащІ.

ГУФІЭГЪУЭ зэ)ущІэр къызэІуихащ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий.

- Университетым и лэжьакІуэхэм зэфІэтх Іуэхугъуэхэр зыхуэгъэпсар фэ, студентхэм, щІэныгъэ куу зэвгъэгъутэныращ. Лэжьыгъэм хэдгъэхьэ инновацэ еплъыкІэхэри, Іэнатіэщ)эхэри, къапщтэмэ, иджыблагъэ кьызэІутха щэнхабзэ центри - псори щІэтщІэр фи гупсысэм, къэхуэным, зэхэщІыкІым нэхъыфІыжу заужьынырщ, кьыхэфха Іэщ)агъэмкІэ Іэщ)агъэлІ нэс кьыфхэкІынырщ, - къыхигъэщащ ректорым. - Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу Илъэсыщ)Іэмкіэ. Фи мурадхэм фалъэІэсыну, екъуІэныгъэщ)Іэхэр, текІуэныгъэщ)Іэхэр зы)эрыешъхьэну си гуапэщ.

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэм кьакІэлъыкІуэу Алтудым студент нэхъыфІхэм сауГъэтхэр яритащ. Ректорым кьыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр, еджэным, спортым щыпашэхэм, университетым щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэт студентхэм. Апхуэдэу зэ)ущІэм щагъэлъапІащ «Академическэ гуп нэхъыфІ», «Общежитым и пэш нэхъ къабзэ», «Ворошиловскэ фочаэ» зэпеуэхэм щытекІуэхэри.

Илъэсыщ)Іэ пшыхьыр ягъэдзхащ КъБКъУ-м и «Амикс», «Каллисто», «Импульс» творческэ гупхэм, джэгуэм, зэпеуэ зэмылІужьыгъуэхэм. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ хамэ къэралхэм кьикІауэ ди университетым щеджэ студентхэм, кьызыхэкІа лъэпкъхэм я хабзэхэм, хьэлэм ящ)ыщ ягъэлъагъуэгъэ.

БРАЙ Марие,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

● Университет хъыбархэр

«Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?»

КъБКъУ-м иджыблагъэ щагъэлъэпІащ университетым и медицинэ факультетыр илъэс 50 зэрырикъур. Абы ирихьэлІэу еджапІэм щрагъэкІуэкІащ «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» махуэшхуэ джэгу-зэпеуэр. Ар патофизиологием теухуауэ щытащ. Къызэзыгъэпэщари КъБКъУ-м и медицинэ факультетым патологие физиологиемкІэ и кафедрэм и Іэщ)агъэлІэхэращ.

ДЖЭГУ-ЗЭПЕУЭМ хэтащ медицинэ факультетым и ещанэ курсым и студент нэхъыфІхэр. Ахэр гупиплІ хъурт, дэтхэнэми цІыху ирий хэту: «Ацетилхолин», «Гистамин», «Серотонин», «Норадреналин».

Зэпеуэр теуэгъуэ 11 хъурт. Гупхэм упщІэ ирата нэужь, абы егупсысу жэуапыр ятын папщІэ дакьикъэ зырыз хуохьырт. Жэуап тэмэм кьэс балли 3 хуагъэфащэрт. Апхуэдэу екІуэкІ зэпеуэм ятеухуа псори зэдэууэ щ)ыпэрытт: патофизиологием и мызакъуэу, студентхэр нэгъэущ)ынэгъэхэми фЫ дыдэу щІыгъуаззт, щІэныгъэфІ зэрабгъэдэлъыр нэрылъагъуу. Абыхэм я зэфІэкІыр кьэзэпщІытэ гупым хэтт университетым и щІэныгъэлІ пажэхэр. Апхуэдэхэт университетым патологие физиологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІ, биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Иуан Анатолэ, а кафедрэм и доцентхэу, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатхэу Щауэщ)ыкІу Лаурэрэ Абазэ Залинэрэ, микробиологиемкІэ, вирусологиемрэ иммунологиемкІэ и кафедрэм и пашэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Хъурей Заирэ, дохутыр практикэмрэ геронтологиемкІэ, жылагъуэ узынщагъэмрэ узынщагъэр хъумэныкІэ и кафедрэм и доцент, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Кьардэн Лейлэ, патологие физиологиемкІэ и кафедрэм и профессор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Борыкъуей Иринэ сымэ. КъэпщытакІуэ гупым хагъэхьат «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» нэгъабэрей зэхьэзэхуэм щытекІуэхэу Батыр Хьэсэнэрэ Балэ Иренэрэ.

Дауэ хъуми, джэгу-зэпеуэм къыщыхахащ фІым я фІыжхэр. Апхуэдэ хъуащ «Норадреналин» гупыр. КъэпщытакІуэхэм ягъэбелджылащ зэпеуэм нэхъ жыджэру хэта студентхэри. Апхуэдэ хъуахэщ Джыназ Елдар, Согуэ Ислъам, Къэрмокъуэ Заирэ сымэ.

Зэпеуэм щытекІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр, саугъэтхэр ираташ. Зэхьхьэр ягъэдхащ медицинэ факультетым и творческэ гупхэм ягъэззащІа уэрэдхэмрэ кьафэхэмрэ.

УЭЛДЖЫР Аринэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

♦**1781 гъэм** Москва къыщ)ызэІуахащ Пётр Езанэм и цІэр зыфІаща театрыр. Иджыпсту ар Театр Инырщ.

♦**1863 гъэм** дунейм щ)ыпэу Лондон къыщ)ызэІуахащ метрополитен.

♦**1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым Кисловодск кьалэр нэмыцэфашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІигъэкІыжащ.

♦**1946 гъэм** Лондон къыщ)ызэІуахащ ООН-м и Асамблее Нэхъыщхьэм и ягъэзэ)ущІэр.

♦Урыс тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Сталиным и саугъэтыр щэнейрэ зэхуэгъэфэща **Толстой Алексей** къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦«Черкес плъыжь» (иджы «Черкес хэку») газетым и ягъэ редакциер нэхъыщхьэу щыта **Уэхутэ Анзор** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, Іуэрыі Іуатэдж, КъБР-м и щІыхубэ артист **Къардэнгъущ Зырамыку** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Украинэм и ягъэ президенту щыта **Кравчук Леонид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦МЭкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шукай ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ, кьеШх-кьесу щ)ыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щ)ыІэр градуси 3 - 1 щ)ыхьунущ.

Зы)эхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэщ)Іэр гъафІэ, ц)ыхуфІыр лъытэ.

● Іущыгъэ

Хуитныгъэр хабзэкІэ щІэгъэбыдапхъэщ

Щ)ыхум и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэм КъБР-м щыІэм деж щылажьэ эксперт советым 2016 гъэм зэфІигъэкІахэр кьыщ)эзэщІикъуэж зэ)ущІэ КъБР-м и Правительствэм иригъэкІуэкІащ.

ЗЭ)УЩІЭМ хэтахэр дакьикъэкІэ яхуэщыгъуащ хы ФЫщІэм дыгъэгъаззм и 25-м хэхуа кьхъухьлатэм ису хэкІуэдахэм.

Щ)ыхум и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ **Зумакулов Борис** жиІащ 2016 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІэ купщІафІэу зэрыщытар. «Урысей Федерацэм санкцэхэр кьыз)эрыхуагъэувам ди республикэр къарунэ ящІакъым, промышленность, мэкъумащ І Іэнатіэхэм, Іэмал зэриІэкІэ, я Іуэхур ягъэкІуэтащ, егъэджэныгъэмрэ социальнэ Іуэхущ)апІэхэмрэ я зэфІэкІыр щІагъэбыдащ, - жиІащ Зумакуловым. - 2016 гъэм курыт еджапІэ, сабий гъэсапІэ, медицинэ, спорт Іуэхущ)апІэ зыбжанэ яууащ. Жылагъуэ-политикэ щытыкІэр кІуэ пэмм зэпІэзэрыт мэхъу, щ)ыхуэм я щынагъуэнщагъэр къызэрэпэщынымрэ лъэпкъым я зэхущытыкІэр егъэфІэкІуэнымрэ зэпымыууэ ди нэІэ тетщ», - жиІащ абы.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ щ)ыхуэхэм я хуитныгъэр къызэрыэпаудым ехьэлІауэ зыкъызэрыхуагъаззм и бжьгъэм зэрыхэщІыкІыр зэрыщ)ымыІэр. Республикэм щ)ыпсэухэр нэхъыбдэу зыгъэпІейтейр ерыскъыхэкІэм, электрокъарум, газым, псэупІэ-коммуналнэ Іуэхутхъэбзэкъэм я зэзэм зэрыхэхъуэрщ, щ)ы бдджэнду кьэпщтэным гугъуехь куэд зэрыпыщІарщ. Лжьыгъэ ирагъэкІуэкІми, иджыри гугъуехьхэр щ)ыІэщ сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэ зыщ)ыщымытыжхэмрэ унэкІэ кьызэгъэпэщ)ыныгъэ ящІ. Абы щыщу 90-р ираташ, 28-м я дэфтэрэр ягъэхьэзыру араш. Мы зэманым чэзум хэтщ ныбжьыщІэ 1400-рэ. Иджыри фэтэрэ 100 зэрагъэпэщ)ыну яубзыхуауэ щытащ. Сэ сыззрелъпымкІэ, мы Іуэхур щІэх ипжкІэ кІуэтэнукъым, сабий зеиншэхэм ятеухуауэ щ)ыІэ федеральнэ президент программэр къэдмыщтауэ. А Іуэхум Президентыр хэту нэгъабэ Кремлым щекІуэкІа зэ)ущІэм дыщытепсэлъыхьауэ щытащ, - жиІащ Зумакуловым.

Щ)ыхум и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм 2016 гъэм цІыху 1150-м зыкъыхуагъэзащ. Абы щ)ыщу 313-м я гуныкъуэгъуэр тхьигъэкІа кьагъэхьащ (нэгъабэ я бжьыгъэр 276-рэ хьурт), бжьгъэм и ныкъуэм нэхърэ тІэкІу нэхъ мащІэнур телефонкІэ къэ- псэльащ. Гуп зэрыгъэхьауэ зыкъыхуэзыгъэзэхэм щ)ыху 40-м кьыщыщІэдзауэ 100-м нэсым я Іуэху еплъыкІэр кьыщыгъэльэгъуат.

Зумакулов Борис жиІащ социальнэ Іуэхухэм елхъуэ щ)ыхуэр зэрытхъэусыхэм и бжьгъэм хэпщІыкІыу зэрызхъэуар (2016 гъэм щ)ыху 91-м зыкъыхуагъэзащ, 2015 гъэм апхуэдэ тхьэусыхафэу 53-рэ щ)ыІауэ аращ), судым ищІа унафэмкІэ мыарэзыІэ 8, я псэуІэм екъэлІа упщІэ зиІэу 43-рэ зэрыщ)ар.

- Адрей илъэсхэми хуэдэу, дэ зыкъыхтухэзыгъазэхэм чэнджэщэгъу дахуохъу, суд кІуэн хуей хъумэ, хабзэхъумэ, къэрал Іуэхущ)апІэхэм зыхуагъэзэнумэ, дэфтэр гъэхъэзырыныкІэ дадолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал Іуэхущ)апІэ псоми, республикэм иц муслымэнхэм я Іуэхущ)апІэм, урыс члисэм Псыхуабэ, Черкесск щІыналъэхэм щІэ елъэрхием я унафэщІхэм, нэгъэущІхэми. Пэжыр жыпІэмэ, апхуэдэ лэжьыгъэм Іуэхуфіхэр кьрокІуэ, - къыхигъэщащ Зумакуловым. Апхуэдэуи абы дыщІигъуащ щ)ыхуэхэм я хуитныгъэр зыхуэдэм фІыуэ зэрыхахмыщІкІыр, абы ехьэлІауи лэжьыгъэ пыухыкІа зэрегъэкІуэкІыпхъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щ)ыхуэхэм я хуитныгъэр хъумэныкІэ и уполномоченнэу щ)ыІэр 2016 гъэм хэтащ ди къэралымрэ нэгъэущІэхэмрэ щ)ыкІуэкІа щІэныгъэ конференцэм. Псалъэм папщІэ, Инсбрук (Австриеи) щекІуэкІа зэхьхьэм Щ)ыхуэ и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэм КъБР-м щиІэм щыжиІар нэмыцэбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, испаньбзэкІэ, урысыбзэкІэ газетхэм кьытрадзэжащ. Ар хэтащ УФ-м и Президентым деж граждан, жылагъуэ Іуэхущ)апІэхэм зегъэужьныкІэ щ)ыхум и хуитныгъэмкІэ Советым и зэ)ущІэм.

Псыхуабэ къэрал университетым и унафэщІым и къуэдзэ **Тхьэбысым Людмилэ** кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ «Щ)ыхум и хуитныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэм теухуауэ» Хабзэм зэхъэжькІыныгъэ хэлъхьэн зэрыхуейр. Абы зи гугъу ищІыр уполномоченнэм и зэфІэкІыр щІэзэІыгъэбыдэ хабзэ з